Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 24 (7320)
7 Июнь 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РДялъул премьер-министр районазул бутIрулгун дандчIвана



1 июналда РДялъул Правительствалъул председатель А. Здунов дандчIвана муниципалиял гIуцIабазул бутIрулгун. ДандчIваялда гIахьаллъана министерствабазул ва ведомствабазул нухмалъулелги. ХIалтIулаб ахIвал-хIалалда суалал цере рахъиялъе гIилла букIана районазул хехго тIуразаризе кко-лел рахъал гIумроялде рахъинариялъе кумек гьаби.

Масала, сахлъи цIуниялъул бутIаялда хабар ккана гьел дарабаздалъун хьезариялъул. Сахлъи цIуниялъул рахъалъ РДялъул министр Ж. ХIажиибрагьимовас рехсана аптекалъулал учреждениябазул рахъалъ захIмалъаби бугел районазул цIарал. Бицана Аптекаялъулаб управлениязулгун кинаб букIаниги бухьен гьечIел хIалтIулел бакIал ругин. БакIалъулаб самоуправлениялъул нухмалъулездехун Правительствалъул председателас лъазабуна гьеб рахъалъ ругел захIмалъзаби лъугIизариялде гъорлъе лъугьаян. Гьединго борхун букIана цадахъ рекъон медицинаялъул кадраби хIадуриялъул суалги. Вакцинация гьабиялда хурхун лъикIаб гьечIеб хIал бугин бихьизабуна цо-цо пунктазда. Гьелда бан А. Здуновас бутIрузул кIвар буссинабуна лъай кьеялъул ва школалъул гIуроялде рахинчIезул учреждениязда гьабулеб профилактикияб хIалтIуде. Гьединго абуна: «Байбихьулеб буго туристлъиялъулаб сезон, гIицIго бутIруз гуребги санэпиднадзоралъул жаваб кьолезги кьезе ккола ахIвал-хIалалъул жаваб. Гьарула, гьеб нужеда кIочон тоге»,-ян.

РДялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул Министерствалъулги рукIана хIаракатаб къагIидаялъ тIуразаризе кколел суалал. Гьел рукIана бесдалазе жанир чIезе бакI кьеялъул, 7 школа ва I спортивияб объект бан лъугIизабиялъул, ОГЭ ва ЕГЭ кьеялъул.

ГО, ЧС ва тIабигIиял балагьал тIагIинариялъул линиялда хурхун Н. КазимухIамадовас лъикIаблъун бихьизабуна муниципалитетазда жавабчилъи борхизабизе; цIа ккедал хIалтIизаризе лъел хIорал чIезариялде районазда кIвар кьезе кколин лъазабуна гьес.

Иргадулаб нухалъ правительствалда суал хъатIана саранчаялда данде хIалтIи гьабиялдаги.

Налогал ракIариялъул бицунаго А. Здуновас бихьизабуна гьеб системнияб хIалтIи кидагосеб хъаравуллъиялда гъоркь букIине кколин. Гьелъул территориалияб рамка гIатIид гьабизе хIажат бугин лъазабуна бутIрузда. РДялъул экономикаялъул ва территориалияб цебетIеялъул министр О. Хасбулатовас лъазабуна маллогабарийтниял теплицабазе ва цогидалги инвестиционниял проектазе мини-производство ва бакIал рай гIумроялде рахъинариялъе субсидиял рукIине ругин. «Гьеб хIажатги буго республикаялъе, гьединлъидал ниж балагьун чIун руго нужер гIарзабазухъ». 50 % лъикIал гIарзаби предпринимателазул нижеца къабул гьаризе руго. Инвестиционниял проектазда хурхун бокьилаан дагьаб гIатIилъи букIине»,-ян бихьизабуна Здуновас.



Хадубги гьес тIадчIей гьабуна: «Предложениял рачIиналъе шартIал гIуцIизе кколин», «Нилъеца бихьизабилаан кин республикаялъ промышленнияб парк кколебали, хасго гьеб муниципалитеталда гIуцIани. Гьеб суал тIубазабиялъе цадахъ хIалтIилаан муниципалитеталда гьеб гIуцIулеб бугони. Гьеб мехалъ инвесторалги ахIизе бегьулаан. Руго батIи-батIиял регионаздаса предложения. Нилъеда цадахъ хIалтIизе бокьарал руго. Аслияб жо гьезие хIинкъи гьечIолъи чIезабизе ккола»,-ян бихьизабуна гьес.

## РФялъул БахIарчиясулгун дандчIвай



5 июналда райадминистрациялда букIана Россиялъул Федерациялъул БахIарчи ДибирхIажи МухIамадовасулги районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги дандчIвай. ДандчIваялда гIахьаллъана Россиялъул МВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул нач. М. МухIамадов ва РДялда бугеб Россиялъул ВОГО ва П МВД оперативияб группаялъул хIалтIухъанги.

ДандчIваялъул аслияб тема букIана гIолилазе патриотикиябгун гIамал-хасияталъул тарбия кьей. Муниципалитеталъул бетIерас бихьизабуна районалда гIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи жигаралда бачунеб бугин, гьелъул хIасилалги рихьулеллъун ругин. «Цебего нахъа тана цIиял харбазул лентаялда нилъер район гIицIго квешаб рахъалъ рехсей. ГьабсагIаталда буго тIубанго батIияб ахIвал-хIал. Гьанже гIолилал цIодорго гIумро гьабизе ругьунлъун руго, цере абуни гьел бигьаго гъоркье рехулел рукIана. ЧIахIиязул гIелалъ нилъее тараб ирсалдасан пайда босулеб буго, закон цIуни лъикI буго. Районалде рачIине лъугьана туристал, гьебги нилъер кIудияб хIалтIул хIасил ккола. Балагьараб мехалъ нилъ битIараб нухда руго»,-ян абуна бетIерас.

Гьединго бетIерас тIадал гIадамазда лъазабуна БахIарчиясулги г1олилазулги дандчIвай гIуцIе,-ян. Гьелъул кIудияб кIвар букIине буго гIолилал терроризмалдегун экстремизмалде данде куцаялъе.

Къокъго абуни дандчIвай ана хинаб гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда. Ахиралда ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна Д-ХI. МухIамадовасе гьоболлъухъ вачIаралъухъ. Бихьизабуна гьеб ахирисеб батиларилан.

РакIалде щвезабизин МухIамадов ДибирхIажи ХIасанович ккола Дагъистан республикаялъул РОВД МВДялъул Болъихъ хасаб огневияб группаялъул командир, милициялъул прапорщик.

I994 соналъул марталда гьев лъугьана РФялъул жанисел ишазул Министерствоялъул органазде хъулухъ гьабизе. Чачаназул рагъул халкъазда гьоркьосел бандазулал гIуцIабигун рагъулъе гьев лъугьана I997 соналдаго. Гьениб чанго тушманасул снайперал чIвана. МустахIикълъана «За отвагу»,-абураб медалалъе. Гьединго МухIамадовас бихьинчилъи ва бахIарчилъи бихьизабуна Дагъистаналде I999 соналъул августалда кIанцIарал бандазулгун рагъулъ.

Северияб Кавказалъул регионазда бандазул гIуцIабазде данде гьабулеб рагъулъ бихьизабураб бихьинчилъиялъе ва бахIарчилъиялъе гIоло 2000 соналъул 22 маялда РФялъул Президентасул Указалдалъун милициялъул прапорщик МухIамадов ДибирхIажи ХIасановичасе кьуна Россиялъул Федерациялъул БахIарчи абураб цIар.

Д-ХI. МухIамадовас жеги хъулухъ гьабулеб буго Россиялъул МВДялъул кьеразулъ. ЛъугIизабуна Россиялъул МВДялъул Академия. ГьабсагIаталда хъулухъ гьабулеб буго Москвалда, экстремизм-терроризмалде данде къеркьеялъул оперуполномоченнийлъун. ГIицIго «За отвагу» гуребги «Общественнияб гIадлу-низам цIуниялъулъ бугеб тIокIлъиялъе гIоло» медалалъеги мустах1икълъана гьев.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 24 (7320)*

*7 Июнь 2018 сон*



**Гьал къоязда Дагъистаналде бачӀана Россиялъул ФСБялъул «Альфа» Централъул хасал тӀадкъаял тӀуралеб группа. Гьелъул аслияб масъала буго республикаялъул хӀалтӀулал бакӀазда бикъа-хъамиялъул таксир гьабуразул хал гьабун, гьел тӀатинари. Унел руго чӀухь баял ва хал гьарият. Гьеб гьабулеб буго республикаялъул росдал магӀишаталъул министерствалдаги**



# Депутатас тӀаде къабул гьаруна



1 июналда «Единая Россия» фракциялдасан вищарав РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухӀамадовас гӀадамал тӀаде къабул гьаруна. Гьеб къоялъ депутатгун дандчӀвазе гӀемерал гӀадамал рачӀун рукӀана. Аслияб къагӀидаялъ депутатгун дандчӀвана цӀадал иххаз росдае зарал гьабурал Рихьуни росдал жамагӀаталъул вакилзаби, гьединго гьез цебе лъолеб букӀана росулъе гьекъолеб лъим бахъиялъул суалги. Депутатасухъе рачӀун рукӀана Шамильхъалаялъул гӀемерквартирабазул минаялъул тӀохда чердак гьабичӀони лъим гъоркье баккулеб бугилан гьеб минаялъул вакилзабиги. РукӀана хӀалтӀи кьеян рачӀаралги.

Гьедин 30 гӀан чи къабул гьавуна гьеб къоялъ депутатас.

# Профсоюзалъул цӀияв председатель вищана



3I маялда ГӀ. НурмухӀамадовасул нухмалъиялда гъоркь тӀобитӀана районалъул профсоюзалъул комитеталъул председатель вищиялъе данделъи. Гьенир гӀахьаллъана бетӀерасул тӀоцевесев зам. С. АрулмухӀамадов, республикаялъул пачалихъиял учреждениязул хӀалтӀухъабазул комитеталъул председателасул зам. ХӀ. Тедуров, профсоюзалъул комитеталъул членал, райадминистрациялъул хӀалтӀухъаби.

20I8 соналъул 28 маялда букӀине буго Профсоюзалъ I00 сон тӀубаялъул лъугьа-бахъин. Арал саназ бихьизабуна Профсоюзалъул жидерго членазе бугеб ритӀухълъи, гьезул социалиял ихтиярал ва законниял интересал цӀуниялъе гьелъ гьабулеб хӀалтӀи.

ХӀусен МухӀамадовичас Профсоюзалъул президиумалъул ва Централияб Комитеталъул I00 сон тӀубаялъул юбилеялъулаб медаль кьуна районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовасе ва дагьаб цебегӀан нилъедаса ватӀалъарав М. ХӀажиевасеги. Гьесул нухмалъиялда гъоркь гӀезегӀанго цебетӀуна районалда профсоюзалъул хӀалтӀи.

Гьединго Баркалаялъулал кагътал кьуна Профсоюзалъул жигарал хӀалтӀухъаби КЦОНалъул хӀалтӀухъан П. ХӀамзатовалъе ва райадминистрациялъул бухгалтер А. ГӀумалаевасе.

Къойил темаялда букӀана районалъул профсоюзалъул комитеталъул председатель вищиялъе рищиял тӀоритӀи. Гьелъул председательлъун вищана «Унсоколо район» МОялъул спорталъул рахъалъ бетӀерав специалист М. МухӀамадов. Жиндирго иргаялда гьес киназего баркала загьир гьабуна жиндего гьабураб божилъиялъухъ.

Диният букӀон: унеб буго хирияб моцӀ!

# Лайлатул къадри

Рамазаналъул ахирисеб анцӀго къоялъ Авараг (с. т. гӀ. в.) тӀубан халваталда чӀолаан, лахӀзат гӀадада биччачӀого гӀибадаталде вуссунаан, гьедин гьабейилан жиндирго рокъосездаги малъулаан. Къуръаналда буго Лайлатул Къадриялъул сордо I000 моцӀалдасаги лъикӀаб бугилан. Гьеб Аллагьасул калам буго, гьединлъидал гьелда кинаб бугониги щаклъи кколаро. Гьеб хиралъи-тӀокӀлъи сундулъ бугебали бичӀчӀизе гьаб хадусеб биценги рехсезин: «Нилъер Аварагасда (с. т. гӀ. в.) инсаниятаълул тарихалда жаниб бихьизабуна цересел аварагзабазул умматаз гӀумру гьабулеб букӀараб заман. Жиндир умматалъе бихьизабураб гуреб заман гьечӀеблъи бихьарав МухӀамад Авараг (с. т. гӀ. в.) пашманлъула. Гьесда ракӀалде ккола цересел умумазул лъикӀал гӀамалал жиндир умматалъулалдаса цӀикӀкӀинилан. Гьеб мехалъ Аллагьас гьесие сайгъат гьабуна Лайлатул Къадри (жинда жаниб гьабураб гӀамал азарго моцӀалъ гьабуралда бащалъулеб). ЦӀакъго хирияб буго Лайлатул Къадри тӀалаб гьабизе ва гьеб сордо борчӀизе. Лайлатул Къадриялъул гӀаламатаздасан бихьизабун буго гьеб сордо гӀодобе биччараб, бухӀи-цӀорой гьечӀеб букӀин, гьеб къоялъ бакъги баккула хъахӀкьераб, гвангъи гьечӀеб, гьедин букӀуна бакъ лъикӀго эхеде бахинегӀан. Гьеб сордоялъ гӀемер абизе лъикӀаб буго «Аллагьума иннака гӀафуввун каримун тухӀиббул гӀафва фагӀфугӀанни»-абун.

Гьединго жигар бахъила гӀемераб гӀибадат-тӀагӀат гьабизе. Гьеб сордо нилъер умматалъе хасаб сордо буго, къиямасеб къо чӀезегӀан жиб букӀунеб. Аварагас (с. т. гӀ. в.) абун буго: «Щив чияс Лайлатул Къадриялъул сордо борчӀаниги, гьеб хӀакъаб букӀиналда божун тӀагӀатги гьабун, гьесул церехун гьарун аралги нахъа гьаризе ругелги мунагьал чурула»,-абун.

Гьеб сордоялъул хиралъиялъе гӀиллабаздасан цояб ккола гьеб сордоялъ Аллагьасул калам




– Къуръан рештӀине байбихьи. Кинха пайда босилеб гьеб сордоялъ нилъее кьурал нигӀматаздаса?

I. Лайлатул Къадриялъул сордоялъ истигъфар, дугӀа гӀемер гьабила

2. Къуръан цӀалила, яги гьеб цӀалулезухъ гӀенеккила, гьелъул магӀнаялъул щукру гьабила, гьелдехун рокьиги бухьенги цӀикӀкӀинабила.

3. Аварагасде (с. т. гӀ. в.) свалат битӀила, Къиямасеб къоялъ гьесул шафагӀаталде хьул загьир гьабила, гьесул нух ккезе ва гьелъие ритӀухъавлъун вукӀине къотӀи гьабила.

4. Цере гьарун арал мунагьаздаса ракӀ бухӀун тавбу гьабила, тӀаса лъугьаян Аллагьасда гьарила. Ккарал гъалатӀазул хӀисаб гьабила, гьел такрар гьариларилан щулияб къотӀи гьабила.

ТӀахьазда рехсон буго гьеб сордоялъ Аллагьасул Расулас (с. т. гӀ. в.) гӀемер такрар гьабулеб букӀараб дугӀа: «Я БетӀергьан! ХӀакълъунго мун мунагьал чурулев, цӀоб гӀатӀидав, тӀаса лъугьин гьари бокьулев вуго, тӀаса лъугьа дидаса!»,-абун.

# СахӀал рахъи

КӀал биччаялъул сахӀ Аллагьас нилъеда тӀад лъураб парз буго. Гьеб нилъеда тӀад гьабуна Рамазан моцӀалъ кӀал кквейго гӀадин, гьижрияб кӀиабилеб соналъ. ВикагӀ бину ЖарахӀица абуна: «Рамазан моцӀалъе кӀал биччаялъул закаг1ат-сах1 какие сагьвиллъиялъул сужда гӀадаб жо буго, гьелъ кӀал ккверялъулъ ккараб мукъсанлъи бацӀуна, сагьвиллъиялъул суждаялъ какил мукъсанлъи бацӀцӀунеб гӀадин»-ян.

Закат бахъизе ккола цин жиндасаго, жинца нафакъа кьезе ккolел чагӀаздасаги. Закаталъе бахъила цо сахӀ жив вугеб шагьаралда яги росулъ лъагӀалица гӀемерисеб мехалъ кваналеб жоялдаса. Гьелъул букӀине ккола гӀагашагарго 2 кг. 400 гр.

Закаталъе бахъулеб жоялъул шартӀги буго ролъ батаниги, бацӀадаб, гӀайиб гьечӀеб, хӀапаро бачӀеб, кьер-махӀ хисичӀеб букӀин.

КӀал биччаялъул закат тӀалъула Рамазан моцӀалъул ахирисеб къоялъ бакъ тӀерхьиналдалъун. Гьеб бахъизе суннатаб буго гӀидалъул как балелде цебе. ГӀидалъул къоялдаса закат



бахъи нахъ бахъизе бегьуларо.

Нагагь закат хъизаналъул киназдасаго бахъизе гӀолеб гьечӀони, гӀураздаса бахъила. ТӀоцебе жиндасаго, хадуб чӀужуялдаса, хадуб гьитӀинав васасдаса, хадуб эбелалдаса хадуб кӀудияв васасдаса. СахӀалъул цо бутӀа гурони тӀубараб гӀураб сахӀ батичӀони, гьеб бугеб бутӀа бахъила.

Рос мискинав вугони, гьесул чӀужу рес бугей йигони, гьелда жиндасаго сахӀ бахъизе тӀалъуларо. КӀал биччаялъул закат Рамазан моцӀалъул авалалдасанго бахъизе бегьула, гӀуждаса цебе бахъунин абураб нигаталда. Амма гьеб гӀуждаса цебе бахъараб закаталъ гӀей гьабизе ккани, закат бахъарав чи гьеб тӀалъулев чилъун вукӀине ккола. Гьединго гьеб кьурав чиги жинда закат тӀалъулеб гӀужалъ гьелъие мустахӀикъав вукӀине ккола. Масала, гьеб закат жиндие кьурав чи моцӀрол ахиралде бечелъани, гьеб нахъеги тӀалаб гьабун, закат щолесе кьезе ккола.

Гьеб закат Аллагьас Къуръаналда бихьизабураб микьабго тайпаялъе кьезе хӀаракат бахъизе ккола, амма цо тайпаялъул цо чиясе кьуниги гӀола. Хирияб буго закат жинца нафакъа кьезе кколарел гӀагарал чагӀазе кьезе, гьел закат щолел чагӀи ругони. Гьезда гьоркьосанги цере гьарила вацал, яцал, инсул вацал, эбелалъул вацал.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 24 (7320)*
*Хамиз*
*7 июнь 2018 сон*

3 гъумер

**Садовод**

**Страница в номере**



# ОБЩИЙ СПИСОК
## кандидатов в присяжные заседатели для Федерального суда общей юрисдикции Унцукульского района на 2018-2021 годы

1. Абдулзагирова Патимат Исхаковна
2. Гаджиева Алиса Гаджиевна
3. Гитиномагомедов Гаджи Камалудинович
4. Гитинова Аминат Магомедовна
5. Ибнухаджарова Наида Рахматулаевна
6. Магомедова Бурлият Асланбеговна
7. Омарова Узу Абдулзагировна
8. Раджабова Айшат Тажудинова
9. Шахбанова Хадижат Абакаровна
10. Гаджиев Абдула Мусаевич
11. Гасанов Мухума Магомедович
12. Джалалова Раисат Муртазалиевна
13. Исмаилов Шамил Магомедович
14. Инусилаев Магомед Амиралиевич
15. Малагусейнова Патимат Алимирзаевна
16. Магомедов Расул Исаевич
17. Махмудова Нурбика Магомедовна
18. Хабибов Магомед Юсупович
19. Абдулаева Муъминат Омаровна
20. Абдулкадыров Гусейн Абдулаевич
21. Курбанова Шамсият Мусаевна
22. Салихов Анварбег Салихович
23. Гусейнов Абдула Гусейнович
24. Магомедова Меседо Гусеновна
25. Мирзоев Магомед Абдулаевич
26. Абакарова Барин Гайдарбеговна
27. Абдулаев Магомедхан Нуралиевич
28. Абдулмаджидова Салтанат Саитовна
29. Джамалудинов Гаджимурад Багаудинович
30. Камалудинова Патимат Магомедовна
31. Кусалаев Башир Магомедович
32. Ибрагимхалилов Магомед Гаджигусейнович
33. Магомедов Мурад Мухумаевич
34. Муртазалиева Зарема Муртазалиевна
35. Сайпулаева Асият Магомедовна
36. Якубова Патимат Якубовна
37. Абдулаев Гитине Алиевна
38. Будунова Аминат Магомедовна
39. Гасанов Магомед Хирамагомедович
40. Даниева Патимат Магомедовна
41. Дайтова Хадижат Магомедовна
42. Далгатова Кабират Зайнулаевна
43. Зиявдинова Хатимат Гаджиевна
44. Зубаирова Роза Алимагомедовна
45. Магомедов Алиасхаб Мусаевич
46. Магомедгаджиева Айшат Абдулаевна
47. Мухтарова Аминат Мухтаровна
48. Магомедов Магомед Урдашмагомедович
49. Магомедова Патимат Гамзатовна
50. Магомедова Зайнаб Калтаевна
51. Магомедсайгидова Загра Набигулаевна
52. Магомедов Магомед Нурмагомедович
53. Мирзабекова Зарипат Халидовна
54. Мухтарова Патимат Абдулхалимовна
55. Нуцалханова Асият Абдулгамидовна
56. Солтанханова Пиржанат Мусаевна
57. Хадисов Магомед Хадисович
58. Шамилова Патимат Гаджиевна
59. Якубова Айшат Шарапудиновна
60. Абдулмеджидов Абакар Магомедович
61. Абдурахманова Патимат Магомедовна
62. Алиев Магомед Асхабалиевич
63. Аминов Чупан Нурмагомедович
64. Аташова Меседо Магомедовна
65. Джигараева Загра Гасановна
66. Исмаилова Патимат Гаджиевна
67. Имангазалиева Патимат Абулкасимовна
68. Курамагомедова Калимат Магомедовна
69. Магомедов Магомед Каримулаевич
70. Магомедова Муъминат Гаджиевна
71. Сахуева Гульжанат Сахратулаевна
72. Магомедов Абдулатип Давудович
73. Ибрагимов Ибрагим Магомедгазиевич
74. Шарапудинов Загир Абдулаевич
75. Нурмагомедова Муслимат Камиловна
76. Муршидова Залина Давудовна
77. Магомедов Шамиль Ахмедович
78. Имангазалиев Сагло Магомедович
79. Хайбулаева Патимат Хайбулаевна
80. Муршидов Магомед Магомедрасулович
81. Исхакова Рапият Джамалудиновна
82. Магомедова Индира Исхаковна
83. Магомедова Загра Исхаковна
84. Абубакарова Сайгибат Абуталибовна
85. Ахмедов Ахмед Кайтмазович
86. Ахмедханов Гаджимурад Магомедович
87. Имангазалиев Кутбудин Сайпулагаджиевич
88. Имангазалиев Магомед Абулкасимович
89. Исаев Магомед Исаевич
90. Исхакова Умагани Гаджимагомедовна
91. Магомедов Ахмед Нурмагомедович
92. Магомедов Гусейн Исаевич
93. Магомедов Нурмагомед Ахмедович
94. Гунашев Саид Нураиевич
95. Гаджиева Баху-Меседо Ханмагомедовна
96. Ахмедханова Симисхан Абдурахмановна
97. Магомедова Мадинат Гаджияновна
98. Абдулкаримова Саида Абдулкаримовна
99. Абдурашидов Тажбудин Ахмедович
100. Адалаев Магомед Сайгидулбаталович
101. Исхакова Патимат Джамалудиновна
102. Магомедов Ахмед Гамзатович
103. Магомедова Асият Гамзатовна
104. Газимагомедова Баху-Меседо Шамиловна
105. Абдугамидова Патимат Магомедовна
106. Идрисов Ахмед Магомедзагидович
107. Абдулмеджидов Ахмед Рамазанович
108. Магомедова Марьям Идрисовна
109. Вахидова Зарема Гаджиевна
110. Абдулаева Наида Магомедсаидовна
111. Магомедшапиева Умахабибат Башировна
112. Шамсудинова Меседо Абдулаевна
113. Газимагомедов Гаджимагомед Газимагомедович
114. Абдулзагирова Патимат Абдулгамидовна
115. Абдулаева Меседо Абдурахмановна
116. Магомедова Рабият Магомедовна
117. Абдулатипова Багистан Гамзатовна
118. Магомедов Ибрагим Алимагомедович
119. Абдурашидов Мурад магомедович
120. Алиева Джавгарат Мансуровна
121. Магомедзагирова Халимат Магомедзагировна
122. Мусагаджиева Пати Камиловна
123. Набигулаев Сурхай Ахмедович
124. Газимагомедов Газимагомед Абдурахманович
125. Абдусаламова Патимат Магомедхабибовна
126. Магомедов Шамиль Магомедович
127. Закаригаева Мадинат Закаригаевна
128. Нурмагомедова Аминат Магомедовна
129. Магомедова Зухра Ахмедовна
130. Абдулмеджидова Сакинат Камиловна
131. Каримулаев Магомед Абдурашидович
132. Исмаилов Газимагомед Магомедович
133. Нурмагомедов Шамиль Нурмагомедович
134. Гаджиев Шамиль Магомедович
135. Алиева Садият Алиевна
136. Хабибюов Магомедшапи Шамилович
137. Магомедова Раханат Магомедгереевна
138. Магомедова Мадинат Магомедовна
139. Гусейнов Али Магомедович
140. Магомедов Муртазали Магомедович
141. Зияудинов Магомед Нурмагомедович
142. Амиров Абдула Хапизович
143. Муртазалиев Муртазали Магомедович
144. Османова Курмангиз Османовна
145. Магомедова Хадижат Махулаевна
146. Абакаров Хаскил Абдурахманович
147. Камилова Патимат Камиловна
148. Хайбулаев Хайбула Шарапудинович
149. Хабибов Камиль Хабибович
150. Уцумиев Шамиль Магомедович
151. Абдулаева Мадинат Магомедовна
152. Абдулев Гамзат Магомедович
153. Абдулгамидова Эльмира Магомедзагидовна
154. Абдурахманов Шамиль Магомедович
155. Абдурахманова Халимат Магомедовна
156. Гимбатова Навали Магомеднуровна
157. Зияудинова Сакинат Гамзатовна
158. Исмаилов Абдула Магомедрасулович
159. Магомедов Гамзат магомедович
160. Магомедов Шамиль Магомеднурович
161. Магомедов Шарапудин Магомедович
162. Парзулаева Умарагин Саадулаевна
164. Салихов Юсуп Шамилович
165. Дибирасулаев Асадула Зайнудинович
166. Межидова Саида Юсуповна
167. Паридалаева Патимат Магомедалиевна
168. Джамалова Заира Джамаловна
169. Магомедова Айшат Магомедовна
170. Абдулаев Далгат магомедович
171. Абдулаев Магомед Абдулатипович
172. Нажмудинов Магомед Нажмудинович
173. Шихабудинов Муса Абдулгамидович
174. Зиявудинова Шахрид Абдулгамидовна
175. Дибирхумаев Магомед Абдулгамидович
176. Зиявудинов Зиявудин Магомедович
177. Магомедова Луизат Абдулмуслимовна
178. Балаев Рашид Ахмедович
179. Алиева Зубаржат Ахмедовна
180. Магомедова Аминат Ахмедовна
181. Ахмедов Гаджи Ахмедович
182. Газиева Айна Магомедовна
183. Гаджиев Абдулгамид Магомедович
184. Гасанова Галият Абдулаевна
185. Исаев Султанбек Абасавович
186. Кайтмазов Абулмуслим Гусейнович
187. Курамагомедова Загидат Магомедовна
188. Магомедова Айшат Магомедгаджиевна
189. Джамалудинов Узаир Халидович
190. Паридалаева Патимат Тайгибовна
191. Саабдулаев Магомед Чуайпович
192. Абидова Патимат Исрапиловна
193. Пайзулаева Патимат Гаджиевна
194. Абдулмуъминова Айшат Магомедовна
195. Магомедова Зумрут Ибрагимовна
196. Кутбудинова Шамсигат Хайбулаевна
197. Абдулвахидова Рабият Магомедовна
198. Абдукаримов Абдукарим Магомедович
199. Магомедова Саида Магомедовна
200. Абулгасанов Магомед Насухович
201. Гаджиева Султано Зайирбеговна
202. Ханмагомедов Шамхал Ханмагомедович
203. Магомедов Каримула Хабибович
204. Абдулаева Хайбат Максудовна
205. Абулгасанова Марям Магомедовна
206. Гусейнов Иса Нурмагомедович
207. Гусейнова Патимат Имамудиновна
208. Исрапилова Саида Саглоевна
209. Магомедов Абдурахман Магомедович
210. Магомедов Камиль Абдулаевич
211. Магомедов Магомед Махмудович
212. Магомедханова Эльмира Магомедовна
213. Мухтарова Умаразият Магомедовна
214. Магомедов Муслим Магомедович
215. Абакарова Сакинат Кайтмазовна
216. Абдурашидов Саид Магомедмирзоевич
217. Ахмедов Мурад Исрапелович
218. Гапурова Ханича Салиховна
219. Гусейнова Умасарат Магомедовна
220. Расулов Хизри Мухидинович
221. Магомедова Азраъ Хакимовна
225. Муртазалиев Муртазали Абдулкадирович
226. Муртазалиев Наби Муртазалиевич
227. Муршидов Магомед Муршидович
228. Расулов Хизри Магомедович
222. Устаров Салим Магомедович
223. Мусаев Сулейман Абдулаевич
224. Саидова Зульфия Омаровна
225. Хайбулаева Зумурат Абдулгамидовна
196. Кутбудинова Шамсигат Хайбулаевна
197. Абдулвахидова Рабият Магомедовна
198. Абдукаримов Абдукарим Магомедович
199. Магомедова Саида Магомедовна
200. Абулгасанов Магомед Насухович
201. Гаджиева Султано Зайирбеговна
202. Ханмагомедов Шамхал Ханмагомедович
203. Магомедов Каримула Хабибович
204. Абдулаева Хайбат Максудовна
205. Абулгасанова Марям Магомедовна
206. Гусейнов Иса Нурмагомедович
207. Гусейнова Патимат Имамудиновна
208. Исрапилова Саида Саглоевна
209. Магомедов Абдурахман Магомедович
210. Магомедов Камиль Абдулаевич
211. Магомедов Магомед Махмудович
212. Магомедханова Эльмира Магомедовна
213. Мухтарова Умаразият Магомедовна
214. Магомедов Муслим Магомедович
215. Абакарова Сакинат Кайтмазовна
216. Абдурашидов Саид Магомедмирзоевич
217. Ахмедов Мурад Исрапелович
218. Гапурова Ханича Салиховна
219. Гусейнова Умасарат Магомедовна
220. Расулов Хизри Мухидинович
221. Магомедова Азраъ Хакимовна
225. Муртазалиев Муртазали Абдулкадирович
226. Муртазалиев Наби Муртазалиевич
227. Муршидов Магомед Муршидович
228. Расулов Хизри Магомедович
222. Устаров Салим Магомедович
223. Мусаев Сулейман Абдулаевич
224. Саидова Зульфия Омаровна
225. Хайбулаева Зумурат Абдулгамидовна
260. Гамзатова Анисат Расуловна

**(Продолжение на 4 странице)**

# ОБЩИЙ СПИСОК
## кандидатов в присяжные заседатели для Федерального суда общей юрисдикции Унцукульского района на 2018-2021 годы

261. Хайбулаева Умаразият Магомедовна
262. Якубова Зубайдат Магомедалиевна
263. Абдулаев Магомед Гасанович
264. Абдурахманов Шамиль Магомедович
265. ГасановаСакинат Магомедовна
266. Магомедалиев Арип Магомедович
267. Набигулаева Арапат Набигулаевна
268. Магомедова Рахмат Муртазалиевна
269. Магомедова Аза Дибировна
270. Магомедова Патимат Гамзатовна
271. Магомедов Махмудилав Джамалудинович
272. Гасанов Магомед Гасанович
273. Магомедалиев Абдула Магомедович
274. Магомаева Меседо Абдурахмановна
275. Магомаев Ахмед Гамзатович
276. Кебедова Анисат Абакаровна
277. Исаева Халимат Магомедовна
278. Магомедалиев Магомед Магомаевич
279. Абдулаев Осман Магомедалиевич
280. Абдулаева Симисхан Магомедалиевна
281. Абдулгаджиев Абдулгаджияв Магомедович
282. Абдулгаджиев Гаджи Магомедалиевич
283. Ахвердиев Ахмед Шамилович
284. Гаджимагомедов Магомедали Магомедович
285. Гаджимагомедова Написат Госенхановна
286. Гамзатова Халимат Магомаевна
287. Магомаев Магомед Магомаевич
288. Магомаев Магомедали Абулмуслимович
289. Магомедалиев Гаджияв Магомедрасулович
290. Магомедгаджиева Саида Султанахмедовна
291. Магомедов Магомед Омардибирович
292. Магомедова Азра Абдурахмановна
293. Магомедова Патиматзаграт Гамзатовна
294. Макачева Халимат Газимагомедовна
295. Маламагомедов Гамзат Ахмедович
296. Ахмединов Абдула Магомедалиевич
297. Гасанов Магомед Абдулаевич
298. Гамзатова Патимат Османовна
299. Магомедов Гамзат Герагаджиевич
300. Абдулаев Хайрула Магомедович

# ЗАПАСНОЙ СПИСОК
## кандидатов в присяжные заседатели для Федерального суда общей юрисдикции Унцукульского района на 2018-2021 годы

1. Абдулаев Джамалудин Магомедович
2. Абдулаев Сиражудин Гасанович
3. Абдулаев Шарапудин Магомедович
4. Абдулмеджидов Гасан Абдулмеджидович
5. Абдулхаликова Загидат Магомеднуровна
6. Абдурашидов Камиль Абдурашидович
7. Адуев Ибрагим Магомедович
8. Алигаджиев Асхабомар Гаджиевич
9. Алиев Магомед Ахмедович
10. Алисултанова Патимат Сайпулаевна
11. Апандиев Абдулхалим Рашадович
12. Апандиев Абубакар Магомедович
13. Арулмагомедов Магомед Саадулаевич
14. Абдулаев Абдула Камалудинович
15. Абдулаев Нурмагомед Абдулаевич
16. Алисултанова Патимат Ханмагомедовна
17. Бадрудинов Кебедгаджи Бадрудинович
18. Басирова Аминат Абдулаевна
19. Гаджиева Чакар Гаджиевна
20. Гамзатова Саният Магомедалиевна
21. ГусейновМуршид Магомедович
22. Гусенов Шамил Магомедович
23. ГамзатовАхмед Алигаджиевич
24. Гамзатова Айнаъ Магомедовна
25. Гасанилаева Патимат Гасанилаевна
26. Гасанов Магомед Ахмедович
27. Зиявудинов Магомед Абдулгамидович
28. Зиявудинова Зайнаб Магомедовна
29. Ибрагимов Узаир Гаджимагомедович
30. Ильясов Ильяс Гаирбекович
31. Исаев Абдула Магомедович
32. ИсхаковаАсият Апандиевна
33. Керимова Бурлият Магомедовна
34. Магомедова Айшат Магомедгаджиевна
35. Магомедова Айшат Мусагаджиевна
36. Магом едова Зульфият Камильевна
37. Магомедалиев Осман Гамзатович
38. Малагусейнова Джамиля Гаджимурадовна
39. Магомаев Хизри Ахмедович
40. Магомедалиева Патисат Муртазалиевна
41. Магомедзагиров Магомед Ахмедович
42. Магомеднурова Мадинат Магомаевна
43. Магомедов Гусен Гамзатович
44. Магомедова Зубайжат Магомедзагировна
45. Магомедов Магомед Абусупиянович
46. Магомедов Магомед Алимагомедович
47. Магомедов Омаргаджи Магомедович
48. Магомедова Патимат Шарапудиновна
49. Магомедова Раханат Камильбеговна
50. Магомедова Салимат Умахановна
51. Мансуров Шамиль Магомедович
52. Махмудова Рахмат Магомедовна
53. Ахмедов Магомед Магомедалиевич
54. Мирзаева Заграъ Абдулаевна
55. Муртазаев Мухтар Магомедович
56. Муртазалиев Тажудин Шарапудинович
57. Муртазалиева Зарема Магомедовна
58. Нажмудинова Асият Далгатовна
59. Нурмагомедова Зарема Магомедовна
60. Нурмагомедова Патимат Гаджимагомедовна
61. Нуцалханов Абдула Абдулмеджидович
62. Патахов Магомед Набиевич
63. Сайгитова Написат Магомедовна
64. Султанбеков Арип Салманович
65. ТагироваТатьяна Шахбановна
66. Тумаева Саидат Магомедовна
67. Хайбулаев Магомед Магомедгаджиевич
68. Шайхмагомедов Шайхмагомед Абдулаевич
69. Шамилова Джавграт Магомедовна
70. Шихавова Айна Мусалаевна
71. Шамилова Айшат Батиналовна
72. Юсупова Айшат Магомедовна
73. Юсупов Юсуп Алигаджиевич
74. Якубова Сидрат Магомедрасуловна
75. Магомаев Магомед Ахмедович

# Состоялся «Предмашук» для молодежи Унцукульского и других районов горно-территориального округа

31 мая, состоялось мероприятие «Предмашук» для лидеров молодежных групп Унцукульского и других районов горно- территориального округа. Организатором мероприятия выступило министерство по делам молодёжи РД при поддержке Администрации МО «Унцукульский район».

На нем присутствовали: сотрудники Минмолодёжи РД Магомед Абдулаев и Халимат Курбандибирова, глава администрации МО «Унцукульский район» Иса Нурмагомедов, заместитель главы района Магомед Гамзатов, начальник отдела по делам молодежи, спорту и туризму Ахмед Мухастанов и лидеры молодежных групп районов горно- территориального округа.

Открывая совещание глава района поприветствовал всех и подчеркнул важность мероприятий данного плана.

«Призываю молодежь принимать активное участие в этих мероприятиях, где вы можете проявить свои инициативы, стать победителями. Многие лидеры, прославившие Дагестан, были молодыми, добившиеся многого в свои юные годы. В руках молодежи прославить свое село, район и государство. Очень многое в государстве зависит от развитой молодежи», - заключил Иса Нурмагомедов.

Далее он предоставил слово Магомеду Абдулаеву, который рассказал о предстоящих форумах, которые пройдут по всей России, какую работу предстоит проделать, подробно рассказал каким образом можно регистрироваться на данную форумную кампанию, продемонстрировал сайт АИС Молодежь России, который создан для упрощения регистрации ребятам. Рассказал про грантовую поддержку, который в этом году значительный. Более 2.5 миллиард рублей будет направлено на поддержку молодежи, молодежных инициатив. Основной упор будет сделан на «Машук» где будет разыграно 83 млн 600 тысяч рублей. Также рассказал про другие Всероссийские молодежные форумы, такие как «Территория Смыслов», «Таврида» и др.

«Миссия форума и зачем он проводится - это способствовать всестороннему развитию личности молодого гражданина. Формирование масштабных профессиональных сообществ, вовлекающих окружающих в движение, направленное на укрепление воспитательной роли семьи, сообщества, государства.

Есть 5 самых основных составляющих проведения молодежных форумов и почему уделяется большое внимание подготовке молодежи к ним, это: образование; общение между представителями разных регионов, разных национальностей; ВИП гости на этих форумах, хороший шанс познакомиться и пообщаться с ними; досуг, очень много площадок, для реализации досуга; и последнее это грантовые конкурсы. У ребят есть реальная возможность выиграть немалые суммы. Это возможность прокачать себя, попасть на федеральные и северо - кавказские площадки, где каждый сможет пройти обучение, выиграть грант и получить ни с чем не сравнимый опыт», - сказал Магомед Абдулаев.

В завершении Магомед Абдулаев поблагодарил всех за внимание и поблагодарил главу района за гостеприимство.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 6. 6. 18 г. 14. 20 фактически -16. 40 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.